

## **APRANN ANGLÈ LAKAY / DISTANCE LEARNING**

Eske w genyen pwoblèm ki anpeche-w vinn lekòl regilyèman?

Eske machin ou anpan? Eske ou malad? Eske w gen pou-w al

travay leswa? Eske ou gen pwoblem pou jwenn moun pou gade timoun ou yo? Tout sa yo ka anpeche-w vinn lekòl! Pa bay tèt ou pwoblèm!

**Nou genyen yon pwogram espesyal pou WOU!**

**Tande sa-a!**

Tout adil nan Collier County ki vle aprann anglè gen yon posibilite pou yo patisipe nan yon pwogram a distans k ap ofri tout elèv ki gen difikilte pou vini nan lekòl la regilyèman. Elèv k ap enskri yo ka siyen pou materyèl enstriksyon ak mwayen pou ede yo nan etid yo lakay yo. Elèv k ap patisipe yo trouve yon mwayen konvenab pou pèmèt yo fe edikasyon yo al pi lwen, lè orè travay siveyans timoun, transpòtasyon ak lòt pwoblèm pèsònèl anpeche yo prezan nan klas. Kisa mwen dwe fe pou m patisipe nan pwogram sa-a? Pandan ane sa-a wap jwenn pwogram sa-a nan Palmeto Ridge High ak Barron Collier High. Ane pwochen 2008-2009 nap ofri pwogram sa-a nan Lely High ak Golden Gate High.

Patisipasyon nan pwogram sa-a mande pou:

- Elèv la vin lekòl la omwen 2 fwa pa mwa.
- Elèv vin revize devwa yo avèk yon pwofesè nan laboratwa a ki louvri depi 5:00 jiska 9:00 diswa.
- Elèv la resevwa lòt devwa. Travay lakay epi pote l retounen.

## **MATERYÈL NOU ITILIZE**

Pwofesè nan pwogram aprann lakay la itilize medya edikasyonèl tankou

- Entènèt: [www.cdlponline.org](http://www.cdlponline.org) oswa [www.myefa.org](http://www.myefa.org)
- DVD Crossroads Café ak liv,
- ELLIS Online

pou ede elèv yo. Pwofesè yo disponib pou reponn kesyon elèv yo pou kenbe kontak ak elèv pa mèl elektronik oubyen pa telefòn

**Kibò?** nan laboratwa-a

**Kilè?** lendi jiska jedi depi 5 è rive jiska 9 è diswa

Asireman, elèv aprann pi vit lè yo nan sal klas, men se yon sèvis anplis nou ofri tout moun ki ta renmen aprann anglè men ki pa ka vin nan klas regilyèman. Elèv yo ka vin enskri lè yo vle epi swiv pwosesis enskripsyon an jan yo kapab.

### **Konbinezon Pwogram Aprann Lakay ak Pwogram Klas Regilye**

Li posib pou yon elèv enskri nan toulède pwogram yo an menm tan. Sa ka pèmet li ale pivit nan aprantisaj li. Men de tout fason, elèv ki nan pwogram regilye yo ap jwenn menm atansyon ak sa ki nan pwogram aprann anglè lakay sèlman yo

### **Gen anpil opòtinite pou aprann lang anglè nan Collier County!!!**

Pran avantay anpil sèvis nou bay yo! Aprann anglè pandan ou chita lakay ou! Pa pèdi opòtinite sa yo! si w genyen yon pwoblèm reyèl ki anpeche w vini lekòl regilyèman, kontakte nou pou ka jwenn plis enfòmasyon. Nou pale anglè, espayòl ak kreyòl Ayisyen tou. Mèsi anpil paske ou chwazi pwogram nou an pou aprann lang anglè.

Rele nou nan nimewo sa yo!

Liy Anglè: 239-377-0777

Liy Espayòl: 239-377-1319

Liy Kreyòl: 239-377-1212

